# ñu beru ñi raw nañu

Jële na ñu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- da doon dox ci mbeddi Màkka yi, daal di romb doj wu ñuy woowe Jumdaan, mu wax ne: "doxleen lii mooy Jumdaan, ñu beru ñi raw nañu" ñu ne ko: ñan ñooy ñi beru yaw Yonnente Yàlla bi? Mu ne: "góor ñiy tudd Yàlla lu bari, ak jigéen ñiy tudd Yàlla lu bari".

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral darajay ñiy tudd Yàlla lu bari, ci ne ñoom dañoo beru daal di jiitu ñu dul ñoom ci am ay daraja yu kawe ca àjjanay xéewal ya, mu niróole leen ak montaañu Jumdaan wi nga xam ne dafa beru ci yeneen montaañ yi.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee